



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 64 MILYON DOLA POU EDE FANMI KI AN
DIFIKILTE YO AK SIVIVAN VYOLANS DOMESTIK YO**

***Fon Asistans an Ijans pou Pandemi an pou ede kouvri depans kouchèt pou plis
pase 128,000 kay ak depans manje pou plis pase 26,000 kay ki gen plizyè
jenerasyon***

***Yo pral ede sivivan vyolans domestik yo peye pou depans pou lojman ak
demenajman yo***

***Finansman Federal rezève pou Nouyòkè ki enskri nan Asistans Piblik oswa nan
Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè a***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse plis pase 64 milyon dola nan finansman federal pou ede Nouyòkè ki gen difikilte ak timoun yo, fanmi ki gen plizyè jenerasyon yo, ak sivivan vyolans domestik yo ak depans yo nan mitan pandemi COVID-19 k ap kontinye a. Administratè atravè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) eta a ak Biwo pou Prevansyon kont Vyolans Domestik (Biwo Prevansyon kont Vyolans Domestik), Fon Asistans an Ijans pou Pandemi (Pandemic Emergency Assistance Fund) an pral bay peman yon sèl fwa pou ede ak depans pou kouchèt pou fanmi ki gen difikilte yo, kouvri depans manje pou fanmi ki gen alafwa timoun ak granmoun aje yo, epi bay asistans lojman ak demenajman ki enpòtan pou sivivan vyolans domestik yo.

"Pandemi a moutre klèman inegalite ki egziste atravè sosyete nou an, li kite Nouyòkè vilnerab yo ki te deja an difikilte pi lwen dèyè ankò", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk èd patnè federal nou yo, administrasyon mwen an ap pran mezi desizif pou soulaje fado kriz sante piblik sa a sou fanmi ki gen difikilte ak timoun piti yo, moun k ap sipòte yon manm fanmi ki aje nan kay yo, ak sivivan vyolans domestik yo. Finansman enpòtan sa a pral ede plizyè dizèn milye fanmi peye pou manje ak kouchèt, pandan y ap bay yon kout ment pou sivivan vyolans domestik yo ki bezwen demenajman ak sipò pou lojman."

Apati mwa sa a, OTDA pral bay peman yon sèl fwa pou tout fanmi ki enskri nan Asistans Piblik (Public Assistance, PA) oswa nan Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) a ki gen yon timoun ki pa ko gen twazan. Fanmi yo pral resevwa 140 dola pou chak timoun ki elijib pou ede ak

depans pou kouchèt yo, ak finansman an yo prevwa pou sèvi apeprè 150,000 timoun nan 128,500 kay nan tout eta a.

Pou kouvri depans manje yo, ajans lan pral bay peman yon sèl fwa tou ki se 730 dola an avril pou fanmi ki enskri nan Asistans Piblik oswa SNAP yo, epi ki gen yon adilt ki gen 55 ane oswa plis ak yon timoun ki gen 17 ane oswa mwens. Fanmi yo pral resevwa peman yon sèl fwa pou chak granmoun ki elijib nan kay la. Apeprè 26,300 kay prevwa resevwa asistans sa a.

Nan toulède ka yo, OTDA pral bay peman sa yo dirèkteman nan kont Transfè Avantaj Elektwonik (Electronic Benefit Transfer, EBT) fanmi an. De distribisyon yo pral reprezante anviwon 42.8 milyon dola asistans pou Nouyòkè ki gen difikilte yo nan Fon Asistans an Ijans pou Pandemi an.

Komisè Pa Enterim OTDA, Daniel W. Tietz, te deklare, "Pa gen dout nan sa, Nouyòkè yo toujou sou chòk pandemi an, sa gen ladan li anpil moun ki t ap lite pou yo debwouye menm anvan ijans sante piblik la te kòmanse prèske dezan de sa. Finansman sa a pral bay yon soulajman enpòtan akoutèm pou fanmi ki gen timoun piti oswa yon manm ki pi gran nan kay yo pandan n ap kontinye rekipere yon fason kolektif apre boulvèsman ekonomik pandemi an te lakòz."

Anplis de sa, Fon Asistans an Ijans pou Pandemi an pral bay 21.4 milyon dola pou OPDV bay founisè sèvis vyolans domestik yo pou ede sivivan vyolans domestik yo ak timoun ki kalifye pou Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite yo (Temporary Assistance for Needy Families). Finansman sa a pral ede sivivan yo peye pou depans akoutèm ki asosye ak demenajman, tankou lwaye, sèvis piblik, ak reparasyon yo.

Direktè Egzekitif Biwo OPDV a, Kelli Owens te deklare, "Bezwen ak vwa sivivan yo plase an premye lye nan travay nou an pou transfòme sistèm livrezon sèvis vyolans domestik ak seksyèl pou yo ka pi santre sou sivivan yo, ki pran an konsiderasyon twomati epi ki reyaji nan domèn kiltirèl. Sivivan yo konnen bezwen pa yo pi byen, epi finansman sa a pral pèmèt founisè sèvis yo travay dirèkteman ak sivivan yo, espesyalman nwa, endijèn, ak sivivan koulè yo, pou satisfè bezwen sa yo imedyatman epi ak fleksibilite. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman san fay li pou anpeche vyolans domestik ak pou lidèchip li nan asire ke sivivan yo gen sipò yo bezwen an."

Estrès, chomaj, ak presyon finansye pa lakòz moun abize patnè yo, men faktè sa yo ka lakòz yon ogmantasyon nan frekans ak severite vyolans yo, epi kreye sitiyasyon ki pi danjere pou viktim yo, espesyalman lè yo agrave ak ogmantasyon izolman ki te vini ak distans sosyal la. Pandan pik pandemi COVID la, apèl nan Liy Asistans Vyolans Domestik ak Seksyèl Eta New York la te ogmante an mwayèn a 45 pousan.

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Jodi a ak chak jou, nou kanpe ini pou anbrase viktim yo, sivivan yo, ak fanmi vyolans domestik yo nan New York ak nan tout nasyon an. Vyolans domestik se yon pandemi anndan pandemi COVID-19 la ak ka ryo apòte yo k ap ogmante, epi mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a ki bay plis

pase 64 milyon dola nan finansman federal pou ede fanmi New York ak sivivan yo ak depans ki gen rapò ak vyolans domestik nan mitan pandemi COVID-19 k ap kontinye a. Nou pa dwe janm vire do nou bay fanmi ki twouve yo nan relasyon abizif, epi travay nou rete enpòtan pou sispann abi ki afekte kominote nou yo epi asire fanmi yo gen sipò ak resous yo bezwen ak merite pandan y ap travay pou rekipere yo ak rebati lavi yo."

Senatè Eta Roxanne Persaud te deklare, "64 milyon dola sa a nan asistans federal pou pandemi an pral bay soulajman nan kay ki gen ensekirite alimantè, moun ak fanmi ki andire vyolans domestik, ak kay ki manke pwovizyon kouchèt adekwat pou tibebe ki fèk fèt ak timoun piti, tout pwoblèm mwen te souliye yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou konpasyon ak devouman kontinyèl li anvè fanmi ki plis nan bezwen yo atravè Eta New York. Pandemi a ak konsekans ekonomik li yo te afekte Nouyòkè ki soti nan tout kominote ak an tout kouch nan lavi a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418